




APÈL POU MANIFESTASYON ENTERÈ – FOUNITI PWODWI ALIMANTÈ

« Èske ou se yon komèsan ki ta renmen devlope aktivite w pandan w ap sipòte yon inisyativ imanite ? »

Pwogram Alimantè Mondyal (PAM) ap envite tout komèsan ki legalman etabli nan komin **Akayè, Kabayè, Tomazo, Kòniyon/Granbwa, Fonvèrèt ak Gantye** pou yo soumèt manifestasyon enterè pou vin patnè li nan kad operasyon bon alimantè li yo. Sa se yon opòtinite pou biznis ou vin youn nan pwen vant apwouve PAM.

Patisipan ki elijib :

- Detayis
- Grosis

Objektif :

Chwazi patnè ki kapab founi divès kalite manje pou benefisyè PAM yo atravè transfè lajan.

Kritè yo :

- Biznis lan dwe anrejistre legalman
- Biznis lan dwe gen kapasite pou founi kantite pwodwi ki nesèsè

Kijan pou aplike ?

Ranpli fòmilè ki disponib nan biwo PAM yo, oswa voye l pa imèl nan haiti.eoi@wfp.org, oswa rele nan **(509) 49-20-3211**

⇒ **Dat limit : 24 jiyè 2026**

Pwofite de opòtinite sa a pou fè biznis ou grandi pandan w ap ede amelyore sekirite alimantè an Ayiti.